



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU MINIMIZE OBSTAK POU JWENN AKSÈ NAN SISTÈM CHOFAJ AK REFWADISMAN JEWOTÈMIK YO**

***Lejislasyon (S.6604/A.6949) pèmèt Eta a pi byen reglemante pwi jewotèmik yo ak redui depans pou satisfè objektif dekarbonizasyon bilding Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.6604/A.6949) pou minimize obstak pou jwenn aksè nan sistèm chofaj ak refwadisman jewotèmik yo pou ede atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA). Lejislasyon an vize redui depans pou enstalasyon pwi jewotèmik yo, pou ede New York satisfè egzijans dekarbonizasyon bilding eta a.

"Nou pa gen tan pou n pèdi lè sa gen pou wè ak chanjman ki dirab pou sove planèt nou an, epi sa mande pou nou redwi anpil emisyon nan bilding yo lè nou sèvi avèk tout teknoloji ki disponib yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a ede nou fè pi gwo pwogrè nan direksyon enèji pwòp nan fason ki pral gen efè dirab sou anviwònman nou ak sou sante piblik".

Lejislasyon S.6604/A.6949 gen pou objektif bay sipèvizyon ki pi apwopriye sou foraj jewotèmik ak eksplwatasyon min lè li chanje fason sèten pwi yo fouye pi fon pase 500 pye anba sifas latè yo reglemante. Kounye a, yo reglemante anba menm dispozisyon ki kouvri min petwòl ak gaz ak foraj. Lejislasyon sa a pral kreye nouvo dispozisyon, senplifye règleman pou twou jewotèmik yo pandan l ap asire ke tout lokal pwi ki fon yo nan tout eta a byen revize epi ke enpak potansyèl pwosesis foraj yo bese. Lejislasyon an gen ladan tou dispozisyon pou asire pwoteksyon sekirite piblik ak anviwònman an pandan pwosesis foraj la.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,** "Eksplwate potansyèl enèji jewotèmik se yon bagay ki enpòtan pou fè pwogrese tranzisyon New York la vè sous enèji ki pi pwòp, k ap ede redwi itilizasyon gaz fosil yo itilize kounye a pou chofe ak refwadi kay ak biznis nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak lidè lejislatif yo pou mezi sa a, ki ranfòse efò dekarbonizasyon New York yo nan modènize egzijans devlopman jewotèmik Eta a epi ede ogmante disponiblite ponp tèmik yo ak lòt teknoloji vèt".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare,** "Eliminasyon obstak yo pou pèmèt aksè pi efikas nan nouvo teknoloji enèji pwòp yo pral trase chemen vè lavni nou, diminye oswa elimine depandans sou gaz fosil nan kay nou yo ki fondamantal pou Eta New York atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a. Avèk anons jodi a, plis Nouyòkè pral kapab pwofite ponp tèmik ki trè efikas ki kapab refwadi ak chofe kay yo pou yon ti monnen pandan y ap bati yon avni ki pi dirab pou timoun nou yo".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Atenn objektif klimatik anbisyè ak dekarbonizasyon New York yo pral egzije solisyon elektrifikasyon inovatè ak yon apwòch patisipatif. Lejislasyon Gouvènè a te siyen jodi a mete aksan sou angajman New York pou kreye yon avni ki pi pwòp, ki pi dirab lè l vize dekarbonize bilding yo, youn nan pi gwo sous emisyon kabòn eta a".

**Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare,** "Kriz chanjman klimatik ki sou nou an egzije yon apwòch patisipatif pou konbat li, epi Gouvènè Hochul kontinye asime responsabiltè a avèk aksyon inovatè tankou sa a".

**Senatè Eta Peter Harckham, Prezidan Komite Sena a sou Konsèvasyon Anviwònman an, te deklare,** "Pou redwi itilizasyon gaz fosil epi atenn objektif anbisyè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, sistèm jwotèmik yo se yon teknoloji enèji pwòp ki bezwen ankourajman. Nouvo lwa sa a ki pèmèt fouye twou pi fon vle di yon rediksyon nan depans pwojè yo, ki pral devlope anpil endistri enèji altènatif sa a nan tout eta a. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa a ak Manm Asanble Glick pou travay li fè nan fè avanse lejislasyon an. Sa a se yon gwo opòtinite pou nou pase nan yon sous enèji vèt ki pral kreye nouvo djòb ak ekonomi reyèl pou pwopriyetè kay pandan l ap ranfòse ekonomi nou an".

**Manm Asanble Deborah Glick, Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònman Asanble a, te deklare,** "Pou pwoteje anviwònman an epi atenn objektif anbisyè ki endike nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, nou bezwen fè teknoloji vèt ki egziste deja, tankou chofaj ak refwadisman jwotèmik, vin plis aksesib. Mwen kontan Gouvènè Hochul ap siyen lejislasyon enpòtan sa a ki kreye yon pwosesis pi senplifye pou twou jwotèmik yo ki pral rann teknoloji sa a disponib pi disponib pou pwojè yo, sa k ap pèmèt enèji jwotèmik yo itilize plis kote nan tout Eta New York".

**Direktè Konsèvasyon Sierra Club Atlantic Chapter, Roger Downs, te deklare,** "Teknoloji ki baze sou enèji renouvlab pral byento chofe ak refwadi chak kay nan New York epi sistèm ki pi efikas yo pral itilize enèji jwotèmik. Lè nou itilize tanperati ki estab nan tè a atravè ponp tèmik efikas, nenpòt kay oswa biznis ka kenbe tanperati andedan kay yon fason konfòtab san gaz natirèl, san gaz chofaj kay oswa san kantite elektrisite ki twòp. Nou felisite Gouvènè Hochul ak lidè lejislatif yo paske yo rekonèt ke si endistri enpòtan sa a ap devlope, règleman demode ki te destine pou pwi petwòl ak gaz yo pa ta dwe aplike menm jan an nan sistèm jwotèmik yo".

**Prezidan New York League of Conversation Voters, Julie Tighe, te deklare,** "Diminye restriksyon sou devlopman enèji jewotèmik se yon etap enpòtan nan tranzisyon nou vè yon ekonomi enèji pwòp. Disosyasyon enèji jewotèmik pwòp nan règleman ki gen entansyon gouvènè sektè petwòl ak gaz sal yo pral ede trase wout pou solisyon chofaj ak refwadisman ki abòdab ak efikas epi li pral kontribiye anpil nan diminye emisyon yo nan sektè bilding eta a. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ansanm ak Senatè Harckham ak Manm Asanble Glick paske yo te fè adopte ak pwomilge pwojè lwa sa a sou tablodò NYLCV a epi pou angajman yo k ap kontinye pou yon New York ki pi dirab".

**Prezidan NY-GEO ak ko-pwopriyetè Buffalo Geothermal, Jens Ponikau, te deklare,** "Elaji pwofondè foraj pou twou foraj jewotèmik an bouk fèmen yo se yon etap enpòtan an avan pou fasilite sistèm jewotèmik yo. Nou ta renmen remèsye Lejislati a, Gouvènè a, ak espesyalman Depatman Konsèvasyon Anviwònman an pou efò yo ki vize pèmèt teknoloji jewotèmik yo pwospere nan Eta New York pou ranplase gaz fosil pou bezwen chofaj ak dlo cho. New York te non sèlman tounen Eta Opòtinite, men li te tounen tou yon lidè nan aplikasyon enèji renouvlab".

Lejislasyon sa a baze sou plizyè aksyon pou sipòte travay eta a pou konbat chanjman klimatik ak diminye emisyon nan bilding yo. Gouvènè Hochul [te anonse](#) enstalasyon 30,000 ponp tèmik pou rezidan lojman piblik Vil New York yo epi li te rejwenn US Climate Alliance pou anonse yon angajman pou ogmante kat fwa enstalasyon ponp tèmik yo dis 2030.

Sistèm ponp tèmik jewotèmik yo pami teknoloji chofaj ak refwadisman ki pi efikas ak konfòtab ki disponib, ki itilize latè pou founi alafwa kapasite chofaj ak refwadisman espas yo, ak nan kèk ka, chofaj dlo cho pou bilding rezidansyèl ak komèsyal yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)